



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 7.4 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL LA POU SIPÒTE EFÒ PLANIFIKASYON AK REPONS POU IJANS

### *Finansman pou sipòte konte New York yo nan efò planifikasyon pou ijans ak preparasyon operasyonèl*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke yo mete 7.4 milyon dola nan finansman federal disponib pou ajans jesyon ijans konte yo nan Eta New York pou sipòte planifikasyon ak preparasyon operasyonèl pou nenpòt ki kalite katastwòf. Atravè Sibvansyon ki baze sou Pèfòmans Jesyon Ijans (Emergency Management Performance Grant, EMPG) federal ak anyèl la, benefisyè yo kapab jwenn aksè ak finansman pou sipòte yon bann kalite efò, sòti nan devlopman ak aplikasyon fòmasyon ak egzèsis rive nan akizisyon resous repons pou ijans yo.

"Finansman sa a enpòtan anpil pou kominote yo nan Eta New York pandan n ap kontinye rekipere anba domaj nou te sibi nan dènye mwa yo akòz tanpèt". **Gouvènè Hochul te deklare**, "Pandan nou oblije fè fas ak efè devastatè chanjman klimatik yo pi regilyèman, mwen konfyan ke ajans jesyon ijans lokal nou yo pral byen itilize lajan sa a pou prepare pou katastwòf alavni yo".

Pou jwenn aksè ak finansman an, benefisyè lokal yo dwe devlope pwojè oswa inisyativ ki ranfòse pwòp kapasite preparasyon ak repons yo pou adrese tout danje potansyèl. Pwojè yo ta dwe fokis tou sou adrese nenpòt efò FEMA idantifye kòm bezwen amelyorasyon nasyonan. Sa enkli planifikasyon jesyon lojistik ak distribisyon, planifikasyon evakyasyon, jesyon finans nan kad dezaz, lojman nan ka dezaz katastwofik ak kominikasyon fyab.

**Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Terence J. O'Leary, te deklare**, "Pandan ane ki sot pase yo, New York te fè fas ak yon bann kalite senaryo ijans ki gen ladan pandemi, katastwòf natirèl rive nan zak teworis, sa ki fè li esansyèl pou pèsonèl jesyon ijans lan gen resous yo bezwen pou yo kenbe kominote nou yo an sekirite. Sibvansyon sa yo pral bay finansman ki enpòtan anpil pou patnè lokal nou yo pou yo ka ranfòse eta preparasyon yo".

**Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif NYSAC, te deklare**, "Swa se nan reponn ak yon pandemi sante global oswa tanpèt grav ak katastwòf natirèl, jesyon ijans konte a te tounen yon fonksyon ki vin pi enpòtan. Lè katastwòf yo frape nan kominote nou yo, konte yo mobilize sant operasyon ijans yo pou kowòdone repons lokal la ak

asire rezidan nou yo jwenn èd ak resous yo bezwen pou rete an sekirite. Nou felisite Gouvènè Hochul ak lidè Sekirite Teritwa nou yo dèske yo rekonèt defi nou fè fas yo ak bay resous ki pral ede nou pi byen prepare pou ijans alavni yo".

**Komisè Jesyon Ijans Vil New York la, John Scrivani, te deklare,** "Jwenn aksè ak finansman enpòtan tankou Sibvansyon ki baze sou Pèfòmans Jesyon Ijans lan pral pèmèt nou kenbe Vil New York an sekirite ak rezistan pandan menas natirèl ak atifisyèl yo ap ogmante ak evolye. Jesyon Ijans Vil New York la angaje pou ede tout Nouyòkè ak chak kominote atravè senk minisipalite yo epi nou remèsye patnè gouvènman nou yo dèske yo rekonèt ak priyorize nesosite pou prepare, reponn ak rekipere anba ijans yo".

**Manm Kongrè Grace Meng te deklare,** "New York dwe prepare pou katastwòf epi eta nou an dwe gen resous li bezwen pou planifye pou yo. Yo te mete aksan sou nesosite pou preparasyon pou repons ijans lan nan mwa pase a lè inondasyon rès Ida te lakòz yo te fè ravaj nan rejyon nou an. 7.4 milyon dola nan fon federal ke Gouvènè a ap anonse jodi a pral ede avèk efò nou pou pwoteje Nouyòkè yo epi mwen kontan New York pral resevwa finansman enpòtan sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) nan Eta New York dèske y ap travay pou kenbe rezidan yo nan eta nou an sekirite".

**Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare,** "Twa mwa pase yo te montre nou katastwòf yo ki te frape Vil New York ak tout Eta New York pa te ralanti - espesyalman lè nou konsidere kriz klimatik la. Nouyòkè yo merite konnen gouvènman lokal ak eta yo a prepare pou reponn, kapab diminye efè frap la, epi pare pou asire Nouyòkè yo kapab rekonstwi konplètman apre nenpòt kriz - epi finansman ki endispansab sa a pral asire planifikasyon ak preparasyon operasyonèl pou nenpòt kalite katastwòf New York ta fè fas".

Nan kad sa a, yo ka itilize finansman pou sipòte:

- Jesyon ak administrasyon aktivite yo;
- Planifikasyon;
- Pèsonèl pou ajans jesyon ijans yo;
- Pwoteksyon;
- Fòmasyon ak Egzèsis;
- Konstriksyon ak renovasyon sant operasyon ijans yo; ak
- Antretyen ak sipò nan GIS ak sistèm kominikasyon entèwoperab

Depans ki pa elijib yo enkli:

- Ekipman yo pa otorize: zam afe, minisyon, lans grenad, bayonèt, oswa avyon, bato lame, oswa nenpòt ki kalite machin ak zam enstale.
- Depans pou sipòte anbochaj ofisye sekirite piblik asèmante yo nan bi pou ranpli devwa tradisyonèl sekirite piblik oswa pou ranplase pozisyon ak responsablite tradisyonèl an matyè sekirite piblik.
- Aktivite ak pwojè ki pa gen rapò ak finansman ak aplikasyon Pwogram EMPG a.

Kantite lajan ki disponib pou ajans jesyon ijans lokal yo nan lis anba a:

| <b><u>Benefisyè</u></b><br><b><u>Sibvansyon an</u></b> | <b><u>Sibvansyon</u></b><br><b><u>Total</u></b> |
|--|---|
| Albany County  | \$116,055                                       |
| Allegany County  | \$22,869  |
| Broome County  | \$78,233  |
| Cattaraugus County                                     | \$34,321  |
| Cayuga County  | \$34,215  |
| Chautauqua County                                      | \$54,250  |
| Chemung County   | \$37,429  |
| Chenango County  | \$23,428  |
| Clinton County   | \$34,982  |
| Columbia County  | \$28,034  |
| Cortland County  | \$23,011  |
| Delaware County  | \$22,516  |
| Dutchess County  | \$113,604                                       |
| Erie County  | \$340,513                                       |
| Essex County   | \$19,373  |
| Franklin County  | \$23,837  |
| Fulton County  | \$25,273  |
| Genesee County   | \$26,933  |
| Greene County  | \$22,969  |
| Hamilton County  | \$6,765   |
| Herkimer County  | \$28,554  |
| Jefferson County                                       | \$47,432  |
| Lewis County   | \$14,889  |
| Livingston County                                      | \$28,873  |
| Madison County   | \$31,811  |
| Monroe County  | \$276,737                                       |
| Montgomery County                                      | \$23,333  |
| Nassau County  | \$494,021                                       |
| City of New York                                       | \$2,989,486                                     |
| Niagara County   | \$84,026  |
| Oneida County  | \$90,747  |
| Onondaga County  | \$175,497                                       |
| Ontario County   | \$44,402  |
| Orange County  | \$141,102                                       |
| Orleans County   | \$20,655  |
| Oswego County  | \$49,578  |

|                     |                    |
|---------------------|--------------------|
| Otsego County       | \$27,729           |
| Putnam County       | \$41,401           |
| Rensselaer County   | \$63,203           |
| Rockland County     | \$118,787          |
| Saratoga County     | \$85,172           |
| Schenectady County  | \$61,486           |
| Schoharie County    | \$16,956           |
| Schuyler County     | \$11,696           |
| Seneca County       | \$17,869           |
| St. Lawrence County | \$45,867           |
| Steuben County      | \$41,138           |
| Suffolk County      | \$550,175          |
| Sullivan County     | \$33,310           |
| Tioga County        | \$23,664           |
| Tompkins County     | \$42,078           |
| Ulster County       | \$71,622           |
| Warren County       | \$28,988           |
| Washington County   | \$28,078           |
| Wayne County        | \$39,233           |
| Westchester County  | \$351,492          |
| Wyoming County      | \$20,389           |
| Yates County        | \$14,254           |
| <b>Total</b>        | <b>\$7,364,340</b> |

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York pral administre finansman sa a nan non FEMA. DHSES pral kontakte biwo jesyon ijans chak jiridiksyon dirèkteman pou asire yo mete fon sa yo disponib osi vit posib.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York la](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, epi retabli apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas yo, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [DHSES Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###